



Pou Piblikasyon Imedya: 8/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI DAVID GEFFEN HALL NAN LINCOLN CENTER KI KOUTE 550 MILYON DOLA**

***Eta New York bay 6.5 milyon dola pou sipòte gwo ekspansyon espas piblik***

***Espas piblik elaji pou òganize pwogram piblik kominotè ki gratis***

***Sal reyimajine a sipòte revitalizasyon endistri touristik Eta New York la***

Gouvènè Kathy Hochul te rejwenn direksyon Lincoln Center (Sant Lincoln) ak New York Philharmonic (Filamonik New York) jodi a pou anonse ouvèti nouvo David Geffen Hall Lincoln Center for the Performing Arts (Sant Lincoln pou Atizay Espektak) ki koute 550 milyon dola a. Kay reyimajine New York Philharmonic ki gen renome nan monn lan te ouvri de ane anvan dat ki te prevwa a avèk plis aksè nan espas piblik pou kominote a. Pwojè a te transfòme David Geffen Hall pou tounen nan yon espas ekstraòdinè ki pral anrichi Vil New York plis kòm yon destinasyon dinamik pou kilti ak atizay.

"Transfòmasyon David Geffen Hall se yon adisyon pafè nan youn nan premye lokal konsè New York nan Lincoln Center ikonik la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a patenarya nou ki byen òganize, pwojè sa a pral ranfòse lavi kiltirèl ak ekonomik New York avèk travay adisyonèl, espas kominotè dinamik, ak yon nouvo sal konsè amelyore de ane anvan dat ki te prevwa a. Enstitisyon atistik nou yo jwe yon wòl esansyèl kòm motè ekonomik, sant kominotè, ak ankraj kiltirèl, epi mwen kontan anpil pou tout mizik Nouyòkè yo pral fè eksperyans ak jwi nan bèl nouvo kay sa a".

Empire State Development ap bay jiska 6.5 milyon dola pou akselere transfòmasyon David Geffen Hall, ki gen ladan renovasyon ak ekspansyon anviwon 21,000 pye kare espas piblik anndan ak alantou sal la, ki ouvri pou piblik la san nesite pou gen yon tikè konsè:

- **Sant Akèy la:** Yon espas 1,680 pye kare ki ekipe ak pòs pou rafrechisman ak chèz pou resevwa tikè ak enfòmasyon pou tout pwogram Lincoln Center a.

- **Espas la:** Espas ki fèk elaji a enstale yon gwo ekspozisyon medya ki bay yon platfòm dijital pou konsè difizyon similtane, travay atistik, mesaj dijital pami lòt itilizasyon.
- **Sidewalk Studio:** Yon espas plizyè fonksyon ki ouvri a piblik la pou pèfòmans, konferans, klas, pwojeksyon, pwogram kominotè ak plis ankò.

Avèk sipò Empire State Development, Lincoln Center te angaje l pou l kreye 114 nouvo travay aplentan, soti nan gichè rive nan ekipaj sèn ak sekirite, epitou ap lanse yon pwogram bous pou divèsite ak atizay ki pral bay fòmasyon peye ak konsè pou omwen senk bousye sou yon peryòd senk ane. Lincoln Center angaje pou li òganize omwen 45 jou nouvo pwogram piblik gratis chak ane pandan senk premye ane yo atravè espas piblik ki nan David Geffen Hall.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Devlopman ekonomik travay tankou yon senfoni, avèk chak jwè yon fason kreyatif men nan kontribye ansanm pati yo. Travay nou te fè an amoni avèk patnè nou yo nan nouvo David Geffen Hall la ap kreye son akèy pou plis travay, touris ak opòtinite, atravè bèl espas reyimajine kote moun ka apresye karaktè inik Lincoln Center ak Vil New York".

David Geffen Hall reyimajine nan Lincoln Center a sipòte efò Gouvènè Hochul pou rekonstwi ak revitalize touris apre pandemi ki, antanke twazyèm pi gwo endistri eta a, enpòtan anpil pou sante ekonomik Vil New York ak Eta New York. Avèk kanpay maketing solid ak pwogram sipò endistri touris ki bat rekò anba lidèchip Gouvènè a, New York kontinye pwomouvwa vil la ak eta a kòm destinasyon vwayaj klas mondyal epi pwovoke kwasans ekonomik ak kreyasyon travay.

**Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare,** "Lincoln Center te toujou yon bijou kouwòn touris nan New York, epi nouvo David Geffen Hall la pral ankouraje plis vizitè pou planifye yon vwayaj epi eksplòre vil la. Ekonomi touris nou yo kontinye rebati apre efè devastatè pandemi an, epi pandan n ap fè pwogrè, nou poko retounen nan estanda anvan pandemi an. I LOVE NY espere pwomouvwa David Geffen Hall bay yon piblik mondyal kòm dènye destinasyon atistik ak kiltirèl ki pral atire vizitè yo pou yo vin fè pati tout eksitasyon ki genyen nan Eta New York".

**Senatè Eta Brad Hoylman te deklare,** "Ouvèti David Geffen Hall Lincoln Center a reprezante yon temwayaj sou rezistans New York apre yon pandemi mondyal ak boulvèsman ekonomik. Konplete de ane byen bonè, nouvo kay New York Philharmonic ikonik la sipòte 600 milyon dola nan devlopman ekonomik kontinyèl, pote 6,000 nouvo travay nan vil nou an, epi sèvi kòm yon nouvo destinasyon enpòtan pou kominote atistik pwospè nou an. Felisitasyon pou Direktè Egzekitif Jeneral Lincoln Center, Henry Timms, Prezidan Konsèy Administrasyon Lincoln Center, Katherine Farley, ak Direktè

Egzekitif Jeneral New York Philharmonic ak Prezidan Deborah Borda paske yo te reyalize pwojè lejandè sa a. Bravo!"

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Lincoln Center, Henry Timms, te deklare,** "David Geffen Hall se pou New York ak pou Nouyòkè yo—prè rezistans nou apre yon moman difisil anpil. Nou rekonesan anpil anvè Gouvènè Hochul ak ESD pou angajman yo pran nan pwojè sa a ak nan peyizaj kiltirèl New York. Finalman, òkès vil nou an gen yon kay ki respekte pil talan li ak kreyativite li, ki te konstwi avèk odas nan kèk nan moman ki pi fènwa nan istwa New York. Pou plizyè milyon Nouyòkè nou espere ki pral jwenn enspirasyon isit la, byenveni".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral New York Philharmonic la, Deborah Borda, Linda ak Mitch Hart, te deklare,** "Istwa distenge New York Philharmonic la sou wout pou ouvri yon nouvo chapit avèk re-ouvèti David Geffen Hall. Nou sòti nan jou sonb pandemi an ak nan pwosesis rekonstriksyon yon enstitisyon ki pi solid, ki transfòme non sèlman pa nouvo espas yo, men tou pa sa nou te aprann nan yon konvèsasyon ki toujou ap evolye avèk kominote nou an. Nou ranpli ak rekonesans pou tout patnè nou yo, espesyalman Empire State Development, ki te ede rann vwayaj sa a posib. Kounye a li lè pou nou kòmanse ankò".

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418